

Rekonsans Lyen Parante

Se volontè pou siyen fòm sa a. Sa a se yon dokiman legal. Li tout fòm lan anvan ou siyen.

Pou ede ou detèmine elijibilité ou pou siyen yon Rekonesans Lyen Parante, yo founi definisyon sa yo:

- **Timoun** – moun ke yo bezwen etabli lyen parante pou li a.
- **Paran Biyolojik** - paran ki te fè ptit la.
- **Moun yo Di ki Paran** – moun ki ka paran jenetik timoun nan men yo poko legalman deklare se paran an.
- **Moun ki gen Entansyon vin Paran** - yon moun ki gen entansyon etabli lyen legalman kòm paran yon timoun akoz repwodiksyon asiste.
- **Lòt Paran** – li fè referans swa ak moun yo di ki paran oswa moun ki gen entansyon vin paran.
- **Rejis Papa Pitatif** – rejis Eta a kote yo ranpli Rekonesans Lyen Parante Rekonesans Patènité. Yo dwe divilge enfòmasyon ki nan rejis sa a bay yon tribunal oswa ajans otorize sou demann, men yo pa dwe divilge li bay okenn lòt moun san yo pa gen òdonans tribunal pou yon motif valab ke yo montre.
- **Donatè Gamèt** – donatè espèm oswa ze a.

Anvan ou siyen Rekonesans Lyen Parante a, yo dwe bay paran biyolojik la ak lòt paran avi oral ak ekri sou dwa yo ak konsekans siyati a. Yon Rekonsans Lyen Parante ki volontèman siyen pa tou de paran yo gen menm fòs ak efè legal kòm yon òdonans jiridik k'ap detèmine lyen parante legal timoun nan epi etabli devwa tou de paran yo pou bay timoun nan sipò. Sa vle di ke si yo pa konteste Rekonesans Lyen Parante a, ou pa bezwen ale nan tribunal oswa yon mennen yon pwosedi administratif pou detèmine oswa konfime idantite lòt paran timoun nan.

Anvan ou siyen yon Rekonesans Lyen Parante, ou ka vle pale ak yon avoka. Ou gen dwa pou chèche reprezentasyon legal ak sèvis sipò, ki gen ladan konsèy, pou ede ou deside si wi ou non w'ap siyen Rekonesans Lyen Parante a.

Ki moun ki ka siyen?

Se de moun sèlman ki ka siyen Rekonsans Lyen Parante a pou ajoute lòt paran an nan batistè a:

Senaryo #1:

- Paran Biyolojik ki Pa Marye
ak
- Moun yo di ki Paran

Senaryo #2:

- Paran Biyolojik ki Marye oswa ki Pa Marye
ak
- Moun ki gen Entansyon vin Paran

Yo ka bay timoun nan nenpòt siyati ke paran yo chwazi. Non timoun nan pa pral afekte estati legal timoun nan.

PA siyen yon Rekonesans Lyen Parante si:

- Paran biyolojik yon timoun ki te konsevwa li natirèlman te marye nenpòt ki lè pandan gwosès la oswa lè pitit la te fèt;
- Paran biyolojik la pa marye epi gen plis pase yon moun ki ta ka lòt paran an;
- Yon tribunal deja rann yon jijman oswa yon lòd ki detèmine lyen parante timoun lan;
- Yo deja siyen yon Rekonèsans Patènité/Lyen Parante valab pou timoun nan;
- Timoun nan se sijè a yon akò sibstitisyon;
- Timoun nan poko fèt; oswa
- Deja genyen de paran ki nan batistè pitit ou a.

PA siyen yon Rekonesans Lyen Parante si, apre ou fin li avi ekri sa a epi ou resevwa avi oral, ou gen nenpòt dout sou lyen arante timoun lan.

Lè paran yo siyen yon Rekonesans Lyen Parante:

- Yo sede dwa yo nan yon odyans nan tribunal pou detèmine lyen parante a;
- Yo ka etabli dwa gadri ak vizit;
- Yo ka egzije yo bay konsantman yo anvan yo ka plase timoun nan pou adopsyon;
- Dwa timoun nan pou eritye tou de paran yo **etabli** si yo ranpli Rekonesans Lyen Parante a ak rejist a nan distri kote yo te ranpli batistè a; ak
- Yo **ka etabli** dwa pou timoun nan eritye tou de paran yo si yo ranpli Rekonesans Lyen Parante a sèlman ak Rejis Papa Pitatif la.

Si tou de paran yo pa siyen yon Rekonsans Lyen Parante:

- Lòt paran an pa pral gen yon devwa legal pou sipòte timoun nan epi non lòt paran an pa ka nan batistè a jiskaske gen yon odyans pou detèmine lyen parante a. Si tribunal la detèmine lòt paran an kòm yon paran legal timoun nan, tribunal la ka fè yon òdonans pansyon alimantè ki ka retroaktif nan nesans timoun nan.
- Si yo egzije yon odyans nan tribunal paske tou de paran yo pa siyen Rekonesans Lyen Parante a:
 - Lòt paran an ka gen dwa ak yon reprezantasyon legal gratis si yo pa kapab peye yon avoka; ak
 - Yon moun yo di ki parancgen dwa a yon tès makè jenetik oswa tès ADN.
- Si paran biyolojik la aplike oswa resevwa asistans piblik, refi paran sa a pou siyen Rekonesans Lyen Parante a pa kapab konsidere kòm yon echèk pou kolabore nan etabli lyen parante pou timoun nan.

Yon Rekonesans Lyen Parante nil nan moman siyati a si:

- Yon lòt moun ki pa pati k'ap siyen Rekonesans Lyen Parante a se yon paran prezime timoun nan akòz maryaj daprè Iwa Relasyon nan Fanmi New York (New York Domestic Relations) la;
- Timoun nan gen yon paran yo rekonèt legalman ki pa pati yo k'ap siyen Rekonesans Lyen Parante a akòz yon akò repwodiksyon asiste;
- Yon tribinal deja rann yon jijman oswa yon lòd ki detèmine lyen parante timoun lan;
- Yon lòt moun te volontèman rekonèt lyen parante pou timoun lan;
- Yon moun k'ap siyen Rekonesans Lyen Parante a se te yon donatè nan yon repwodiksyon asiste, e li te deja siyen yon deklarasyon ke donasyon an pa te gen entansyon koze dwa ak responsabilite lyen parante yo; oswa
- Yon moun ki siyen Rekonesans Lyen Parante a afime ke yo gen dwa lyen parante akoz yon akò repwodiksyon asiste, men yon tribinal jwenn ke yo pa te konsevwa timoun nan atraè repwodiksyon asiste.

Ki kote yo ranpli Rekonesans Lyen Parante a? Ki moun ki ranpli li?

Si ou te siyen Rekonesans Lyen Parante a nan yon lopital oswa distri sèvis sosyal, yo pral ranpli Rekonsans Lyen Parante orijinal la pou ou ak ofisyete sivil nan distri kote yo ranpli batistè a. Si ou PA siyen Rekonesans Lyen Parante a nan yon lopital oswa nan yon distri sèvis sosyal, ou dwe voye pa lapòs oswa pote Rekonesans Lyen Parante orijinal la bay ofisyete sivil distri a kote yo ranpli batistè a.

- Pou nesans ki te fèt **nan Vil New York**, voye pa lapòs oswa pote Rekonesans Lyen Parante orijinal la bay ofisyete sivil nan Depatman Sante ak Ijyèn Mantal, Biwo Eta Sivil Vil New York (New York City Department of Health and Mental Hygiene, Office of Vital Records), pou Atansyon: Corrections Unit Room 144, 125 Worth Street CN-4, New York, NY 10013-4089.
- Pou nesans ki te fèt **andeyò Vil New York**, voye pa lapòs oswa pote Rekonesans Lyen Parante orijinal la bay ofisyete sivil nan distri kote yo ranpli batistè a.

Ofisyete sivil la pral voye ba ou pa lapòs yon kopi sètifye Rekonesans Lyen Parante a epi li pral ranpli yon kopi Rekonesans Lyen Parante a ak Rejis Papa Pitatif la.

Atansyon: Si non ak adrès yon donatè gamèt yon timoun ke yo te konsevwa atravè repwodiksyon asiste enkli nan Rekonesans Lyen Parante a, Depatman Sante Eta a oswa Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York la dwe voye yon kopi pa lapòs bay donatè yo konnen an ki liste nan fòm lan ak nimewo Sekirite Sosyal siyatè yo modifye yo.

Èske ou ka jwenn yon novo batistè apre ou fin siyen fòm lan?

Wi. Si yo pa te siyen Rekonsans Lyen Parante a nan moman nesans lan, lè sa a yo pral bay yon novo batistè ak non chak paran enkli ladan li. Si ou chanje non timoun nan lè w'ap konplete Rekonesans Lyen Parante a, yo pral chanje li nan novo batistè a.

Èske ou gen pou peye pou yon novo batistè?

Si ptit ou a te fèt nan yon lopital **andeyò Vil New York**, epi w ap siyen Rekonesans Lyen Parante a apre yo te depoze batistè orijinal la, Depatman Sante Eta New York la pral bay yon sèl batistè amande gratis, ke l ap voye bay paran biyolojik la pa lapòs. W ap gen pou peye pou lòt kopi batistè amande a.

Si ptit ou a te fèt nan yon lopital **Vil New York**, epi w ap siyen Rekonesans Lyen Parante a apre yo te depoze batistè orijinal la, Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York la pral bay lòt paran an yon sèl batistè amande gratis. Si timoun nan gen mwens pase yon ane, paran biyolojik la ka chanje batistè orijinal la gratis; apre yon ane pral gen yon frè pou ranplasman.

Èske ou ka retire Rekonesans Lyen Parante a apre ou fin siyen?

Wi. Nenpòt paran gen dwa pou li ranpli yon petisyon pou li anile Rekonsans Lyen Parante a ak tribunal familyal la. Yo ka ranpli petisyon sèlman nan limit tan sa yo, ki depann de laj paran an nan moman paran an siyen Rekonesans Lyen Parante a:

	Paran an gen 18 an oswa plis lè l'ap siyen Rekonesans Lyen Parante a	Paran an poko gen 18 an lè l'ap siyen Rekonesans Lyen Parante a
Kèlkeswa sa ki vini anvan	Nan entèval 60 jou ki vini apre dat yo te siyen Rekonesans Lyen Parante a.	Nan entèval 60 jou apre 18è anivèsè nesans paran sa a.
	Dat kote yo egzije yon repos ak yon petisyon nan yon pwosedi ki gen rapò ak timoun nan epi kote paran sa a se yon pati.	Nan entèval 60 jou apre dat kote yo egzije yon repos ak yon petisyon nan yon pwosedi ki gen rapò ak timoun nan epi kote paran sa a se yon pati, depi ke yo te avize paran an nan kèlkeswa pwosedi sa a sou dwa pou ranpli yon petisyon pou anile.
Si limit tan déjà ekspire	Nenpòt paran ka sèlman konteste Rekonesans Lyen Parante a, nan tribunal la, si li te siyen baze sou fwod, kontrent, oswa erè materyèl akoz inyorans. Chaj prèv la tonbe sou pati ki vle retire Rekonesans Lyen Parante a.	

Si yo ranpli petisyon pou anile a nan limit tan ki kòrèk la oswa, si apre limit tan an ekspire, paran an te konteste Rekonesans Lyen Parante a avèk siksè nan tribunal la, tribunal la pral bay òdonans pou tès makè jenetic oswa tès ADN pou detèmine lyen parante timoun nan. Tribunal la pa pral òdone tès sa a, sepandan, si moun ki gen entansyon vin paran te siyen Rekonesans Lyen Parante yon timoun ki fèt nan repwodiksyon asiste, oswa si tribunal la reyalize ke li pa nan pi bon enterè pou timoun nan. Okenn obligasyon legal kèlkeswa paran, ki gen ladan obligasyon pou sipòte timoun nan, pa ka sispann pandan kontestasyon Rekonsans Lyen Parante a eksepte si tribunal la jwenn rezon valab.

Si tribunal la detèmine, apre yon tès makè jenetic oswa tès ADN, ke moun ki te siyen Rekonesans Lyen Parante a se yon paran timoun nan, tribunal la dwe fè yon konklizyon sou lyen parante a epi rann yon jijman oswa yon òddonans k'ap detèmine lyen parante a. Si tribunal la detèmine ke moun ki siyen Rekonesans Lyen Parante a se pa paran timoun lan, Rekonesans Lyen Parante a pral nil epi tribunal la pral bay ofisyè eta sivil la yon kopi òdonans lan imedyatman ak nan Rejis Papa Pitatif la. Si yon pati ap resevwa sèvis panson alimantè pou timoun, yo pral bay Inite Ranfòsman Panson Alimantè pou Timoun lan yon kopi.

Toujou gen kesyon?

Kesyon yo konsènan **pwoesis batistè a** ta dwe adrese a ofisyè eta sivil distri a kote yo déjà oswa yo pral ranpli Rekonesans Lyen Parante a. Nan Vil New York, rele Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York nan **3-1-1** oswa **212-NEW-YORK**.

Fou kesyon sou fòm sa a oswa sou etabli lyen parante, pale ak anplwaye lopital la yo oswa voye kesyon yo pa imèl nan otda.sm.dcse.parentage@otda.ny.gov. Ou ka gade yon vidyeo tou sou pwoesis Rekonesans Lyen Parante a ki disponib sou sit entènèt Divizyon Sèvis Panson Alimantè pou Timoun (Division of Child Support Services) Eta New York la nan childsupport.ny.gov.

TANPRI REMAKE: Enfòmasyon ak deklarasyon ki genyen nan Rekonesans Lyen Parante a pa pral verifye pa okenn antite eta, lokal, oswa antite prive anvan oswa apre yo fin kreye yon batistè oswa apre yo fin ranpli dokiman an ak Rejis Papa Pitatif la, paske lalwa pa bay okenn obligasyon pou fè sa.

REKONESANS LYEN PARANTE

(Tanpri tape oswa enprime klèman pandan w'ap sèvi avèk lank nwa.)

Distri anrejistre _____ Kòd lopital _____ Nimewo anrejitreman _____

Tcheke kote ki siyen an: Lopital Biwo Pwogram Pansyon Alimantè pou Timoun (Sipò pou Timoun) Bbiwo eta sivil Lòt Bagay

Pou Timoun

Prenon	Dezyèm prenon	Non fanmi
Sèks <input type="checkbox"/> Fanm <input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> Pa Konfòm a yon Sèks/lòt	Dat ou fèt (JJ/MM/ANE) ____ / ____ / ____	
Etablisman nesans	Vil nesans	Konte/minisipalite nesans

Si yo te deja ranpli batistè timoun epi ou ta vle chanje siyati ti pitit la, ranpli seksyon sa a:

Siyati sou batistè orijinal la

Nouvo siyati

Nou konprann ke siyen Rekonesans Lyen Parante sa a volontè epi li pral etabli lyen parante timoun nou an avèk menm fòs ak efè kòn yon Òd Lyen Parante yo te rann apre yon odyan nan tribinal ki gen ladan yon obligasyon pou bay sipò pou timoun nou an eksepte ke, sèlman si yo ranpli Rekonesans Lyen Parante sa a ak Ofisyè eta sivil kote yo ranpli batistè a, Rekonesans Lyen Parante pral gen fòs ak efè konsa nan sa ki gen rapò ak dwa eritaj. Nou te resevwa avi ekri ak oral sou dwa legal nou yo (ki gen ladan delè pou fè retrè), responsabilite, altenativ ak konsekans ki genyen nan siyen Rekonesans Lyen Parante a, epi nou konprann ke avi a deklare. Yo ba nou yon kopí avi ekri. Nou sètifye ke enfòmasyon nou bay anba a se verite.

Paran Biyolojik

Prenon	Dezyèm prenon	Non fanmi		
Adrès kay		Etaj/Apatman	Vil	Eta Kòd postal
Dat ou fèt (JJ/MM/ANE) ____ / ____ / ____	Nimewo Sekirite Sosyal ____ - ____ - ____	Eske ou te marye nan moman nesans lan? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non		

Mwen ak dokiman sa a, aksepte konsantman ak Rekonesans Lyen Parante pou pitit mwen an ki site pi wo a epi mwen rekonèt ke moun yo site anba a se sèl lòt paran jenetik posib, oswa se yon moun ki gen entansyon vin paran epi yo te konsevwa timoun nan atravè repwodiksyon asiste.

Siyen la

Dat (JJ/MM/ANE)
____ / ____ / ____

Seksyon temwen (De temwen obligatwa; temwen yo pa ka gen rapò ak nenpòt paran)	Siyati temwen	Non temwen ekri an lèt detache	Dat (JJ/MM/ANE) ____ / ____ / ____
	Siyati temwen	Non temwen ekri an lèt detache	Dat (JJ/MM/ANE) ____ / ____ / ____

Lòt Paran

Prenon	Dezyèm prenon	Non fanmi		
Adrès kay		Etaj/Apatman	Vil	Eta Kòd postal
Vil nesans	Eta/Pwovens nesans	Peyi nesans		
Dat ou fèt (JJ/MM/ANE) ____ / ____ / ____	Nimewo Sekirite Sosyal ____ - ____ - ____	Èske ou se papa jenetik/byolojik timoun nan? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non		

Mwen rekonèt ak dokiman sa a ke mwen se paran jenetik oswa moun ki gen entansyon vin paran timoun ki site pi wo a.

Siyen la

Dat (JJ/MM/ANE)
____ / ____ / ____

Seksyon temwen (De temwen obligatwa; temwen yo pa ka gen rapò ak nenpòt paran)	Siyati temwen	Non temwen ekri an lèt detache	Dat (JJ/MM/ANE) ____ / ____ / ____
	Siyati temwen	Non temwen ekri an lèt detache	Dat (JJ/MM/ANE) ____ / ____ / ____

SEKSYON SA A SE POU OFISYÈL LAN ITILIZE SÈLMAN

Yo ranpli Rekonesans Lyen Parante ki pi wo a ak dokiman sa avèk _____ ofisyè eta sivil la _____

Si dokiman sa a vize amande yon batistè, mwen sètifye ke mwen te egzamine dosye orijinal ke sa a ap chache amande a epi enfòmasyon ki nan dokiman sa a koresponn aj li. Pa gen okenn omision oswa erè aparan ki rann li inakseptab pou modifie dosye ak nesans lan. An konsekans, dokiman sa a apwouve.

Siyati Ofisyè Eta Sivil Eta /Ofisyè Eta Sivil Adjwen Vil la

Dat (JJ/MM/ANE)

Paran Biyolojik

Non

Adrès kay

Etaj/Apatman	Vil	Eta	Kòd postal
---------------------	------------	------------	-------------------

Yo dwe enprime adres postal **paran biyolojik**
la isit la

Lòt Paran

Non

Adrès kay

Etaj/Apatman	Vil	Eta	Kòd postal
---------------------	------------	------------	-------------------

Yo dwe enprime adres postal **lòt paran**
an isit la

Donatè Gamèt (si sa posib)

Non

Adrès kay

Etaj/Apatman	Vil	Eta	Kòd postal
---------------------	------------	------------	-------------------

Yo dwe enprime adres postal **donatè gamèt**
la, si yo konnen li, isit la